*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры læппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 224 (25953)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 5 декабр — цыппурсы мæйы 5 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 НЫСАНТÆ
*Кавказаг инвестицион равдыстмæ...*

3 ЮБИЛЕЙ
*Гæздæнты Гайто: иунæджы хъысмæт*

4 2023 – НАРТИАДÆЙЫ АЗ
*Дзерассæ-рæсугъд*

**Æнæниздзинад**

## Дунеон конференци

**7-8 декабры Бетъырбухы чи ацæудзæн, уыцы 4-æм радон дунеон наукон-практикон конференци ”Ног коронавирусон инфекцийы æмæ æндæр хæцгæ низты ныхмæ архайд”-ы пленарон æмбырд байгом кæндзæн ”Роспотребнадзор”-ы разамонæг Аннæ ПОПОВА.**

Конференцийы сæйраг хæс у фидæны рынтæм дунеон цæттæдзинад фæуæлдæр кæнын æмæ ног коронавирусон инфекцийы ныхмæ тохы заман бамбырдуæвæг фæлтæрддзинад бабиноныг кæнын. Дзыллон мадзалы фæткмæ гæсгæ скæндзысты биологон æдасдзинады фарстаты фæдыл Паддзахæдты бæрнджын оргæнты координацион советы 3-аг æмбырд.

Дыууæ боны дæргъы иугонд уагæй чи цæудзæн, уыцы конференцийы архайдзысты "Роспотребнадзор"-ы, хæцгæ низты ныхмæ тох кæныны фæдыл бæрнон ведомствæты, стæй 35 фæсарæйнаг бæстæйы минæвæрттæ.

Дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæртты хонæм конференцийы архайынмæ мæнæ ахæм адрисмæ гæсгæ: Бетъырбух, Сенатон фæз, бæстыхай 3, федералон паддзахадон бюджетон кусæндон "Б.Н. Ельцины номыл президентон библиотекæ".

Дзыллон хабархæссæг фæрæзты аккредитаци ахæсдзæн 6 декабры 12 сахаты онг. (гæххæтты сери, номыр, чи æмæ йæ кæд радта, дæлхайады код + прописка, дзыллон хабархæссæг фæрæзы ном, кусæджы бынат æмæ ифтонггæрзты номхыгъд).

Контактон адæймаг: **Екатеринæ Швецова +7 (926) 139-29-87** (бæрæггæнæнтæ æрбарвитут телеграм-каналмæ). Хабæрттæ бæлвырддæрæй базонæн ис конференцийы сайты. (https://pasteur-conference.ru/)

**Нæ уацхæссæг**

**Æмбырд**

## Хъазахъхъаг æхсæнад Ирыстоны — сæрмагонд бынаты

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО архайдта, Уæрæсейы Президенты раз Хъазахъхъæгты хъуыддæгтыл дзуапдæттæг советы æмбырды Астраханы облæсты. Æмбырд амыдта Уæрæсейы Президенты æххуысгæнæг Дмитрий МИРОНОВ.**

Æмбырды архайджытæ æркастысты, уæрæсейаг хъазахъхъæгтæн 2021-2023 азтæм нысангонд Уæрæсейы Федерацийы Паддзахадон Стратегийы политикæ куыд æххæстгонд цæуы, уымæ. Астраханы зæххыл хуымætæджы арæзт не 'рцыд ацы мадзал. Дмитрий Миронов куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй регион цалдæр бæрæггæнæнæй фыццæгты æмрæнхъмæ рацыд. Астрахайнаг æвзонг хъазахъхъæгтæ хуыздæр хъазахъхъаг кадетты корпусы конкурсы бацахстой фыццаг бынат. Ныр дыккаг аз облæст фыццаг бынат бацахсы, йæ цæрджытæ милуанæй къаддæр кæмæн сты, уыцы субъектты 'хсæн Нациты хъуыддæгты федералон агентады рейтинджы (ФАДН).

Дмитрий Миронов æмбырды архайджыты базонгæ кодта Æппæтуæрæсеон



хъазахъхъаг æхсæнады атаман **Виталий Кузнецовимæ** æмæ йын радта, йæ бартæ амынд кæм сты, ахæм гæххæтт. Раздæр æхсæнадæн разамынд лæвæрдта **Николай Долуда**. Уый УФ-йы Президенты Указмæ гæсгæ йæ бынатæй уæгъдгонд æрцыд.

— Цæгат Ирыстоны хъазахъхъаг æхсæнад махмæ сæрмагонд бынаты æвæрд у. Регионы барадхъахъхъæнджытимæ иумæ хъазахъхъæгтæ æдасдзинадмæ сæ цæст дарынц, æгъдаухалджыты ныхмæ лæууынц — æрмæст ацы аз уыцы куысты архайдтой мин адæймагæй фылдæр. Нæ республикæйы царды алы къабазы дæр сæхи фæзминагæй æвдисынц. Мах дæр, нæ авналæнтæ куыд сты, уымæ гæсгæ, æххуыс кæнæм хъазахъхъаг æхсæнадæн. Бæлвырддæр зæгъгæйæ, регионы æхсæрдæс скъолайы сарæзтам кадетты кълæстæ, Æрхонкæйы станицæйы скъолайы бындурыл та — хъазахъхъаг кълæстæ. Абон Уæрæсейы Президенты раз Хъазахъхъæгты хъуыддæгтыл дзуапдæттæг советы æмбырды вазыгджын фарстатæм æркастыстæм, æмæ уый руаджы дарддæр дæр регионтæ уæрæсейаг хъазахъхъæгтæн æххуыс кæндзысты — ахæм хæс æвæры нæ размæ уæрæсейаг хъазахъхъæгтæн 2030 азмæ нысангонд Уæрæсейы Федерацийы Паддзахадон Стратегийы политикæ. Уыцы хæстæ цæрды уадзын нын, Уæрæсейы Федерацийы Президент нæ размæ цы хынцинæгтæ æвæры, уыдон æнтыстджынæй æххæст кæныны фадат дæтты, — æмбырды кæронбæттæны загъта Сергей Меняйло.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Дунеон равдыст**

## Форум "Уæрæсе": Аланыстоны абоны цард æмæ фидæны нысантæ

*7 декабры Мæскуыйы Адæмон хæдзарады æнтыстдзинæдты æппæтуæрæсеон центры уыдзæн Цæгат Ирыстоны бон*

**Дунеон равдыст ”Уæрæсе” ныр мæйы бæрц кусы Мæскуыйы. Æппæт уæрæсейаг регионтæ дæр сæ экспозицитæ æмæ стендтæм рахастой сæ абоны цард æмæ æнтыстдзинæдтæ æвдисæг æрмæджытæ, сæ цымыдисагдæр проекттæ æмæ дарддæры размæцыды нысанты пълантæ. Уыимæ, алкæцы экспозицийы куысты сæйрагдæр свæййы регионы бон. Ныридæгæн уал ахæм бонтæ сарæзтой Дард Хурыскæсæны, Уралы, Приволжье æмæ иннæ федералон зылдты цалдæр регионы. Æмæ афтæмæй хæстæгдæр бонты ралæудзæн цæгаткавказаг регионты рад дæр.**

Ахæм фæткы бындурыл Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы бон арæзт æрцæудзæн 7 декабры. Уыцы бон цæгатирыстойнаг экспозицийы уазджытæм æнхъæлмæ кæсы уæрæх æмæ цымыдисаг бæстæзонæн, ахуырадон, культурон æмæ регионы инвестицион хъомысыл дзурæг программæ. Республикæйы боны уагæвæрдыл ныртæккæ кусынц цалдæр республикон министрад æмæ ведомствæйы. Æмæ уыцы куысты сæйрагдæр уæз æрæнцад РЦИ-Аланийы Равдыстытæ æмæ презентациты фонды минæвæрттыл.

Фонды хайады хицау **Козаты Дианæ** "Рæстдзинад"-æн бæстон радзырдта, республикæйы бонмæ цæттæгæнæн мадзæлттæ куыд æххæстгонд цæуынц, уый тыххæй.

Афтæ, 7 декабры Цæгат Ирыстоны боны мадзæлттæ цæудзысты 9 сахатæй 21 сахаты онг. Уыимæ, уæд регионалон стендæй уæлдай, республикæйы боны мадзæлттæ цæудзысты цалдæр павильоны фæзуаты.

Программæйы райдайæн суыдзæн РЦИ-Аланийы презентаци. Уым сæйраг ранымхасгæнæг суыдзæн Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Уый бæстон радзурдзæн республикæйы абоны цард æмæ йæ æнтыстдзинæдты тыххæй, рæгъмæ рахæсдзæн регионы дарддæры райрæзты нысантæ. Уыцы разныхасимæ стыр экраныл æвдыст цæудзысты Ирысто-







ны цымыдисагдæр æмæ рæсугъддæр æрдзон æмæ цæрæн бынæттæ, йæ абоны сæйрагдæр арæзтæдтæ, йæ хъомысджын æмæ хъæппæрисджын адæм...

Презентацийы фæстæ Цæгат Ирыстоны боны мадзæлттæ апарахат уыдзысты культурон проектты цалдæр павильоныл.

Афтæ, боны программæйы цымыдисагдæр мадзæлттæй иу, æнæмæнг, суыдзæн ирон чындзæхсæв. Уыцы бон Адæмон хæдзарады æнтыстдзинæдты æппæтуæрæсеон центры сæ цард баиу кæндзысты нæ дыууæ æрыгон æмзæххоны — **Хетæгкаты Константин** æмæ **Хъæрданты Анжеликæ**. Уыимæ, чындзæхсæв арæзт æрцæудзæн рагон ирон æгъдауы бындурыл: хистæртæ ракувдзысты дыууæ æмкъайы амондæн, бафæдзæхсдзысты сæ Стыр Хуыцау æмæ зæдтыл, фæсивæд та сараздзысты ирон хъазт... Фæстæдæр Константин æмæ Анжеликæйы къайад сфидар кæндзысты Мæскуыйы ЗАГС-ы кусджытæ.

Уый фæстæ павильонты цæудзысты цалдæр тематикон лекцийы. Нæ экспозицийы уазджытæн Цæгат Ирыстоны туристон хъомысы, Уæрæсейы историмæ стыр æвæрæн бахæссæг ирæтты, Нарты кадджыты хъайтарты тыххæй радзурдзысты ЦИПУ-йы студенттæ **Дзантиаты Сæрмæт** æмæ **Мырыкаты Артеми** (у æппæтуæрæсеон æхсæнад "Зонындзинæдтæ"-йы лектор дæр) æмæ аив кæсджыты конкурсты уæлахиздзау **Реуазты Данæ**.

(Кæрон 2 фарсыл)

**Хицауадæй**

## Комкоммæ эфирмæ æрвыст куырдиæттæ

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы комкоммæ эфир цæттæ кæныны æмæ йæ рауагъды бон цы куырдиæттæ æмæ хъæстытæ æрбацыд нæ республикæйы цæрджытæй, уыдон хъуамæ номхыгъдмæ бахæссой, æркæсой сæм æмæ æххæстгонд æрцæуой. Ахæм хæс сæвæрдта РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис æрвылкъуырион æмбырды министрты кабинеты раз.**

— Мах не 'ппæт дæр архайдтам нæ республикæйы разамонæджы радон комкоммæ эфиры. Нæ республикæйы цæрджытæ дзырдтой, æвæстиатæй æххæстгонд хъуамæ чи 'рцæуа, ахæм вазыгджын æмæ актуалон фарстатыл. Нæ граждæнтæ фарстой стыр цымыдисдзинадимæ, домдтой дзуапп Ногиры хид кæд сараздзысты, ууыл, æхсæнадон транспорты æнæзæрдæмæдзæугæ куыст, цæрæнуатон-коммуналон къабаз, фæндæгты арæзтад æмæ, социалон ахадындзинад кæмæн ис, ахæм иннæ фарстатæн. Бирæ фарстатæн дзуапп лæвæрд æрцыд, кæмæ хауынц, уыцы разамонджытæн та радта бæлвырд хæслæвæрдтæ. Хъæуы æнтыстджынæй бакусын, комкоммæ эфиры рæстæджы цы куырдиæттæ æмæ хъæстытæ æрбацыд нæ республикæйы цæрджытæй, уыдонып. Мах хъуамæ нæ цæрджыты æнæлыггонд фарстатæм кæсæм иудадзыг! Ууыл кусæм не 'ппæт дæр æмæ нæ размæ æвæрд хæстæ æххæст кæнæм, — фæдзырдта Дзанайты Барис æххæстгæнæг оргæнты разамонджытæм.

Цы куырдиæттæ æмæ хъæстытæ æрбацыд нæ республикæйы цæрджытæй, стæй комкоммæ эфирмæ чи нæ бахауд, уыдон дæр номхыгъдмæ бахæссын æмæ куыд æххæстгонд цæуынц, уымæ цæст дарын фæдзæхст æрцыд Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг æмæ Хицауады Администрацийæн. Министрты кабинет æмæ районты администрациты сæргълæуджытæ хъуамæ цыбыр рæстæгмæ æркæсой æмæ сæххæст кæной æппæт куырдиæттæ æмæ хъæстытæ.

Æмбырды ма бæлвырддæр æркастысты æрвылбоны архайдмæ, — 2024 азы дæр кæй араздзысты, уыцы модулон æнæкапиталон фæрæзты бавæрдтытæ саразыны проекттæ куыд æххæстгонд цæуынц, уымæ. Дзанайты Барис уæлдай æргом аздæхта, ацы азы кæронмæ нысангонд социалон инфраструктурæйы арæзтадон æмæ цалцæггæнæн куыстытæ бæрæггонд æмгъуыдтæм фæуын кæй хъæуы, уымæ. Уыимæ ма бахахх кодта, цæттæгæнæн куыст аразын кæй хъæуы республикæйы дарддæр дæр национ проекттæ æмæ паддзахадон программæты архайыны тыххæй. Уымæ гæсгæ, Хицауады Сæрдар ведомствæтæн бахæс кодта 2024 азмæ объектты контрактаци сæххæст кæнын æмæ 2025-2027 азтæм куырдиæттæ бацæттæ кæнын.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

**Акци**

## Раззагдæрты 'хсæн

**Æппæтуæрæсеон акци ”Уæрæсейы дон”-ы архайгæйæ, Цæгат Ирыстон бацахста æртыккаг бынат.**



Нæ республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** йæ телеграм-каналы куыд фыссы, афтæмæй ацы азы уæлахиздзауты нæмттæ фехъусын кодтой дунеон равдыст-форум "Уæрæсе"-йы заман.

"Акцийы æппæтæй зæрдиагдæрæй чи архайы, фæстаг дыууæ азы дæргъы Цæгат Ирыстон хаст æрцæуы, уыцы фондз раззаг регионы номхыгъдмæ. Хорзæрдæм ивддзинæдтæ рабæрæг сты: 2020 азимæ абаргæйæ, ацы аз хохаг цæугæдоны былтыл бырæттæ уыд æртæ хатты къаддæр", — бафиппайдта Цæгат Ирыстоны разамонæг.

Ацы аз акцийы архайæг 179 мин цæгатирыстойнаджы 799 километры дæргъæн донибылтæй раластой 11 мин кубометры бæрц бырæттæ. Цæгатирыстойнæгтæ сæ зæххы экологон сыгъдæгдзинадыл æнувыд кæй сты, амынд бæрæггæнæнтæ ууыл дзурæг сты.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

**Финанстæ**

## Рагагъоммæйы бæрæггæнæнтæ

**Цæгат Ирыстоны финансты министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг ИСАХЪТЫ Оледжы ныхасмæ гæсгæ, фæстæмæ дæттын кæй нæ хъæуы, уæвæн ис, æмæ иннæ аз республикæйы бюджетмæ бафтæг уыцы фæрæзты бæрц рауайдзæн 20,272 миллиард сомы.**

Хицауады бынатахсæг адæймаджы ныхасмæ гæсгæ, федералон бюджет ноджыдæр ма 9 миллиард сомы бæрц фæрæзтæ байуæрста. Республикон бюджеты тыххæй закъоны проект дыккаг бакастмæ куы цæттæ кæной, уæд дзы амынд фæрæзтæ бацамондзысты.

Рагагъоммæйы бæрæггæнæнтæ куыд амонынц, афтæмæй иннæ азы республикон бюджеты æфтиæгты бæрц уыдзæн 37,322 миллиард сомы, хæрдзты бæрц та — 37,322 миллиард сомы (профицит — 281 милуан сомы). 2025 аз бюджеты æфтиæгтæ рауайдзысты 31,088 миллиард сомы, хæрдзтæ — 31,427 миллиарды (кадавардзинад — 339 милуан сомы). 2026 аз æфтиæгтæ уыдзысты 32,974 миллиард сомы, хæрдзтæ та — 33,411 миллиарды (кадавардзинад — 437 милуан сомы).

**БÆЗЗАТЫ Алинæ**

### Дзырды фарн

*Нарты кадджытæ тынг æнгом баст сты ирон адæмы цардимæ.*

*ЧИГЕР*

**Боныхъæд**

**Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **5 декабры,** уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **2-7 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **4-6 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 09,10

**Хурыскаст** — 07,14
**Хурныгуылд** — 16,24

Валютæйы аргъ

**Доллар** — 90,07 ↑
**Евро** — 98,63 ↑

12+

Нæ уыдзысты рох

# Инæлæртты кадæн

**Зындгонд æфсæддон разамонджыты — Советон Цæдисы дыууæ хатты æмæ Монголы Адæмон Республикæйы Хъæбатыр, æфсады инæлар Плиты Иссæйы, стæй Советон Цæдисы Хъæбатыртæ, æфсады инæлар Хетæгкаты Георги æмæ инæлар-булкъон Мамсыраты Хаджумары — райгуырдыл 120 азы кæй сæххæст, уый кадæн Дзæуджыхъæуы Плиты Иссæйы номарæн хæдзар-музейы ацыд кадджын дзыллон мадзал "Æртæ инæлары".**

Фыдыбæстæйы намысыл нымад чи у æмæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ ивын кæй хъæуы, Уæрæсейы æфсæддон историйы ис ахæм нæмттæ. Не 'мзæххонтæ бæстæйы историйы ныффыстой бирæ мидисджын сыфтæ. Хъуыстгонд æфсæддон разамонæг Плиты Иссæ алы ран — хæсты быдыры, кæнæ депутатты 'хсæн дæр йæхи æвдыста дæсны хъуыддагаразæг æмæ дипломатæй. Ивгъуыд æнусы фæлтæрдджын сгарæг, советон æфсæддон историйы зындгонддæр минæвæрттæй иу Мамсыраты Хаджумар, Испанийы республикон æфсады æфсæддон уынаффæгæнæджы бынат ахсгæйæ, "булкъон Ксанти"-йы фæсномыгимæ хæцыд франкистты ныхмæ. Хъуыстгонд æфсæддон разамонæг, дæсны артиллерист, педагог Хетæгкаты Георги бацæттæ кодта бирæ хæстон афицерты.

Уæрæсейы адæмон артисткæ, Бетъырбухы Мариинаг театры æрыгон оперон зарæггæнджыты академийы æмæ ацы театры дзæуджыхъæуккаг филиалы аивадон разамонæг **Гергиты Ларисæ** фадæттæ кæмæн саразта, уыцы дзыллон мадзалмæ æрбахуыдтой уæлдæрамынд æфсæддон разамонджыты хæстæджыты. Цæгат Ирыстоны Ветеранты советы æмæ Культурæйы министрады минæвæртты, Дзæуджыхъæуы 26-æм æмæ Ногиры 2-æм скъолаты ахуырдзауты, стæй æндæрты. Цæгат Ирыстоны Оперæ æмæ балеты театры — Мариинаг театры регионалон филиалы — æрыгон зарæггæнджытæ **Нартыхъты Ланæ, Амир Рахимов, Надеждæ Гамаюн, Цæллаты Виктория, Мария Ринчинова, Цхуырбаты Верæ** æмæ **Тедеты Арсен** (концертмейстертæ — **Иринæ Абатурова, Янæ Огневская** æмæ **Анæ Швангирадзе**) акодтой Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг адæммæ кадджын зарджытæ, стæй монгойлаг æвзагыл зарæг "Райгуырæн бæстæ", сывæллæтты театралон студи "Сыгъзæрин дæгъæл"-ы уæнгтæ æмæ 38-æм рæвдауæндоны хъомылгæнинæгтæ та аивæй бакастысты Плиты Грисы, Цæгæраты Гиго æмæ Евгений Аграновичы фыст æмдзæвгæтæ.

**АБАЙТЫ Зæлинæ**

Нысантæ

# Кавказаг инвестицион равдыстмæ...

**Уæрæсейы Хицауады Сæрдары хæдивæг Александр НОВАКЫ разамындæй уыд 2024 азы Кавказаг инвестицион форуммæ цæттæгæнæг комитеты радон æмбырд. Видеоконференцийы фæрцы цы æмбырд саразтæуыд, уым Цæгат Ирыстонæй архайдта республикæйы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис.**



Æмбырды райдайæны Александр Новак куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй УФ-йы Президенты Указæй 2024 азы августы радон хатт арæзт æрцæудзæн Кавказаг инвестицион форум. Уыимæ, уыцы уæрæх æмбырды нысантæ зынгæ фæхъомысджындæр æмæ фæуæрæхдæр уыдзысты. Фæлæ, кæй зæгъын æй хъæуы, йæ сæйрагдæр нысан раздæрау уыдзæн ахъаз кæнын Цæгат Кавказы регионты инвестицион хъомысы æргомдзинадæн, федералон зылды социалон-экономикон дарддæры размæцыдæн уæлæмхасæн фадæттæ аразын.

Æппæт уыцы хæстыл ныридæгæн кусын райдыдта сæрмагонд хицауадон организацион комитет.

— Зындгонд куыд у, афтæмæй фыццаг Кавказаг инвестицион форум арæзт æрцыд 2023 азы уалдзæджы. Хицаудзинады оргæнты, промышленнон æмæ амалхъомадон компаниты, паддзахадон корпорацитæ æмæ æхсæнадон организациты минæвæрттæ стыр цымыдисдзинад равдыстой форуммæ, зæрдиагæй дзы архайдтой. Форумы архайджыты нымæц уыд 3 мин адæймагæй фылдæр. Уыцы æмбырды регионты минæвæрттæ базонгæ сты кæрæдзийы фæлтæрддзинад æмæ цымыдисагдæр проекттимæ, бафыстой уæрæх экономикон æмгуыстады фæдыл бадзырдтæ... Ныр нысан æвæрд цæуы, цæмæй фидæн азы форумы архайджыты нымæц æмæ географи зынгæ фæуæрæхдæр уа, — бафиппайдта Уæрæсейы Хицауады Сæрдары хæдивæг.

Видеоконференцийы раныхас кодтой Уæрæсейы экономикон рæзты министр **Максим Решетников**, иннæ федералон министрадтæ æмæ ведомствæты минæвæрттæ. Форуммæ цæттæ кæныны фарстаты фæдыл сæйраг доклад скодта УФ-йы экономикон рæзты министры хæдивæг **Сергей Назаров**. Министры хæдивæджы ныхасмæ гæсгæ, фидæн азы экономикон равдысты сæйрагдæр темæ суыдзæн "Стыр Кавказ — иу денджызæй иннæ денджызмæ". Ома, Уæрæсейы Хуссары регионты дарддæры экономикон æмархайд фидардæр кæныныл, ахсджиаг иумæйаг инвестицион проекттæ царды уадзынил куыст.

— Форумы программæйы сæрмагонд бынат бацахсдзысты промышленносты, агропромышленнон комплексы, транспортон инфраструктурæйы, мидбæстон туризмы, энергетикæ æмæ иннæ къабæзты дарддæры райрæзты фарстатæ. Æппæт уыцы къабæзтыл æрæнцайдзысты Цæгат Кавказы федералон зылды регионты рæзты пълантæ, — загъта Сергей Назаров.

Цæттæгæнæг иннæ комитеты уæнгтæ дæр бахастой бæлвырд фæндæттæ æмæ фиппаинæгтæ. Сæ хъуыдытæ загътой регионты хицаудзинады оргæнты бæрнон кусджытæ дæр. Уыцы фарстатæ ныр бæлвырдгонд цæудзысты цæттæгæнæн комитеты иннæ æмбырдты.

Æмбырды фæстæ Дзанайты Барис Хицауады уæнгтæн бæлвырд амындзинæдтæ радта Кавказаг инвестицион форуммæ аккаг хуызы бацæттæ кæныны фæдыл.

— Кавказаг инвестицион форумы фадæттæй уæрæх спайда кæнын хъæуы, цæмæй ирдæй равдисæм Цæгат Ирыстоны инвестицион хъомыс. Республикæ кусы ахсджиаг агропромышленнон, амалхъомадон, туристон проекттыл. Æмæ цæмæй уыцы программæтæ ахадгæдæр хуызы æххæстгонд цæуой, уый тыххæй фылдæр инвесторты æргом раздахын хъæуы республикæмæ, — фæнысан кодта Дзанайыфырт.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæуууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Æхсæнад

# Гуманитарон æххуыс — сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн

**Æхсæнадон змæлд "Нæ Ирыстон"-ы уæнгтæ æмæ Хæлардзинады республикон хæдзары кусджытæ иумæйаг хъарутæй цы гуманитарон æххуыс бамбырд кодтой, уый ацы бонты æрвыст æрцæудзæн, Запорожьейы облæсты чи службæ кæны, уыцы ирыстойнаг æфсæддонтæн.**



Ахæм гуманитарон æххуыс бакæныны фæдыл хъæппæрис равдыста "Нæ Ирыстон"-ы сæрдар **Лагкуты Вячеслав**. "Æрæджы не змæлды уæрæх æмбырды ацы фарстайыл æрдзырдтам. Советы уæнгтæ æмхъæлæсæй рахæцыдысты уыцы фæндоны фарс. Сæрмагонд æфсæддон операцийы чи архайы, нæ уыцы лæппутæн ахæм æххуыс бакæнын нæ иумæйаг хæс у. Уæрæсейы сабыр цардыл чи тох кæны, уыцы æфсæддонтæ иудадзыгдæр сæхиуыл хъуамæ æнкъарой æхсæнады аудынад æмæ æххуыс", — фæстæдæр радзырдта Лагкуйы-фырт.

Æхсæнады минæвæртты æрвыстаджы ис уæлæдарæс, стæй цай, къофи æмæ хойраджы æндæр продукттæ. "Нæ Ирыстон" æмæ Хæлардзинады хæдзары минæвæрттæ гуманитарон уæзæгтæ фæхæццæ кодтой 58-æм æфсады штабмæ. Ныр æфсæддонтæ гуманитарон æххуыс хæстæгдæр бонты аласдзысты Запорожьейы облæстмæ.

Хæрзаудæн акци арæзт æрцыд РЦИ-Аланийы Национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министрады æххуысæй.

**ТЕМЫРТЫ Альбинæ**

Партион архайд

# Спорты райрæзтæн

**Самбойы 85 азы кадæн политикон парти "Иугонд Уæрæсе" Мæскуыйы саразта 2-аг æппæтуæрæсеон форум "Время самбо".**

Ацы аз "Иугонд Уæрæсе"-йы фæндонæй нæ бæстæйы фыццаг хатт официалон уагæй Самбойы бон сбæрæг кодтой.

Партион проект "Za самбо" æмæ профилон спортивон федераци фадæттæ кæмæн саразтой, Лужникийы уæвæг Самбойы дунеон центры ацæуæг ахæм амынд форумы архайдтой бæстæйы алы регионтæй æрбацæуæг мин адæймагæй фылдæр.

Уæрæсейы Президент Владимир Путин æмбырды архайджытæм кæй барвыста, уыцы арфæйы фыстæджы ис мæнæ ахæм рæнхъытæ: "Спорты ацы хуызы юбилейы фæрцы æрымысæн ис бирæ зындгонд æмбæстæгты — атлетты, тренертæ æмæ ерыстæн фадатараздджыты. Ацы адæм бындур кæмæн сæвæрдтой, уыцы ахъаззаджы æгъдæутты фæрцы æххæстгонд цæуынц физикон культурæ æмæ царды æнæниз уаджы рæзтæн ахъазгæнæг пайдайаг проекттæ".

Форумы пленарон æмбырды архайджытæ æрныхас кодтой партион проекттæ æххæст кæныны, самбойы секциты архайынæн инфраструктурæйы райрæзты, тренерты цæттæ кæныны æмæ æндæр фарстатыл, стæй ацы азы рагагъоммæйы бæрæггæнæнтæ бахыгътой.

— Партион проектмæ гæсгæ æппæт бæстæйы кæй байгом кодтой, самбойы уыцы мин секцийы архайынц сæдæ мин адæймагæй фылдæр. Дыууæ мин скъолайæ фылдæры æмæ сæдæ æртын уæлдæр ахуыргæнæндоны кусынц самбойы секцитæ. Ацы аз уæрæсейаг самбисттæ архайдтой дыууæсæдæ ахадгæ официалон спортивон ерысæй фылдæры. Бирæ азты дæргъы "Иугонд Уæрæсе" æппæт бæстæйы спортивон секциты архайынæн инфраструктурæйы рæзтæн ахъаз кæны.

Физкультурон-дзæбæхгæнæн комплекстæ æмæ спортивон залтæ аразæм, цалцæг кæнæм æмæ сæ æмбæлгæ кусæнгæрзтæй ифтонг кæнæм. Алы адæймагæн дæр самбойы секцийы архайыны фадат цæмæй уа, уымæн ахъаз кæнæм. Ацы куыст æххæст кæнгæйæ, уæлдай стырдæр æргом здахæм фæкæсинаг æмæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты бинонтæм, — загъта "Иугонд Уæрæсе"-йы генералон советы нымæрдар, партион проект "Za самбо"-йы æхсæнадон советы сæрдар **Андрей Турчак.**

Форумы архайджытæ бындур сæвæрдтой самбойы тырысайæн, стæй самбисты ардбахæрд æмæ йæ кодексæн. Уымæй уæлдай, самбойы 85 азы кадæн уагъд посты нысаныл мыхуыр сæвæрдтой.



Æмбырды архайæг, партион проект "Za самбо"-мæ регионалон цæстдарæг, Дзæуджыхъæуы сæргълæууæг **Александр Пациорин** загъта:

— Цæгат Ирыстон "Иугонд Уæрæсе"-йы проект "Za самбо" парахатæй æххæст кæны. Æрæджы Дзæуджыхъæуы ацæуæг конференци "Самбо — в школу"-йы архайджытæ — физкультурæйы ахуыргæнджытæ, тренертæ æмæ Краснодары крайæ æрбацæуæг уазджытæ æрныхас кодтой спорты ацы хуыз ахуыргæнæндæтты амоныны фарстатыл. Самбойы секциты архайæг сывæллæтты нымæц кæй фылдæр кæны, уый мын æхсызгон у. Секциты архайынæн сывæллæттæн цæмæй нывыл фадæттæ уа, уымæн ахъаз кæндзыстæм.

**САНАТЫ Альбинæ**

Энергетикæ

# Хæсы бæрц фæкъаддæр

**Амæй размæ хардзгонд электрон тыхы тыххæй цæгатирыстойнæгтæм чи сæвзæрд, октябры бæрæггæнæнтæм гæсгæ, уыцы хæсы бæрц 9,2 милуан сомы бæрц цæмæй фæкъаддæр уа, компани "Россети Цæгат Кавказ"-ы филиал "Севкавказэнерго" ууыл бацархайдта, æмæ афтæмæй амынд мæй цæгатирыстойнæгты æхцайы бафысты къæпхæн рауад 105,9 проценты. Фароны октябримæ абаргæйæ, уый у 2,9 проценты (23,4 милуан сомы) фылдæр.**

"Севкавказэнерго"-йы балансон къамисы радон æмбырды архайджытæ амынд бæрæггæнæнтæ бахыгътой. Октябры фæлхасгæнджыты æппæт къордты æхцайы бафысты къæпхæн рауад 86 проценты.

Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады куыстуæттæ раздæрау нымад сты энергокомпанийы куысты бæрæггæнæнтыл æвзæрæрдæм бæрæгдарæг хæсдарджытыл (октябры ацы куыстуæтты æхцайы бафысты къæпхæн рауад 20,1 проценты). Электрон тыхæй цух кæнын кæй не 'мбæлы, ахæм куыстуаты уагæвæрдæй пайда кæнгæйæ, мæнгард коммуналон куыстуæтты разамонджытæ хардзгонд электрон тыхы аргъ бафидыны фæдыл бадзырды амынд хæстæ ницæмæ æрдарынц æмæ афтæмæй электрон тыхæй æппæт республикæйы ифтонгад (социалон уагæй ахадгæ объекттæ æмæ адæмы дæр нымайгæйæ) тæссаг уавæры æвæрынц.

Æмбырдæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, "Севкавказэнерго"-йы директоры хæдивæг — хайад "Энергосбыт"-ы директор **Артур Хурсинов** загъта:

— Хæс æнæбары бадомыны фæдыл закъонæвæрынад кæй амоны, хæсдарджыты 'рдæм æппæт ахæм мадзæлттæй спайда кæнын æмбæлы. Афоныл фыст фиддонтæ æхцайæ республикæйы цалцæггæнæн программæтæ æмæ электрохызæгон хæдзарады нывылкæнынад æфсадыны сæйраг гуырæныл нымад кæй сты, уый нымайгæйæ, фæлхасгæнджыты æппæт къордтæ фиддонтæ æнæкъуыхцыйæ цæмæй фидой, ууыл хъуамæ бацархайæм.

**Нæ уацхæссæг**

# Форум "Уæрæсе": Аланыстоны абоны цард æмæ фидæны нысантæ

(Райдайæн 1 фарсыл)

Республикæйы боны программæйы ис Сергей Меняйлойы пресс-конференци дæр. Регионы разамонæг дзуаппытæ ратдзæн дзыллон информацийы федералон æмæ регионалон фæрæзты минæвæртты фарстытæн. Фембæлд сараздзысты 75-æм павильоны конференц-залы.

75- æмæ 48-æм павильонты цæудзысты республикæйы боны иннæ мадзæлттæ дæр. Уыдоны нымæцы: ирон чъиритæ æмæ æндæр хæринæгтæ кæныны, стæй цыллæ кæлмæрзæнтæ бийыны мастер-класстæ, адæмон промыслæты компанитæ æмæ хицæн æрмдæсныты куыстыты равдыст-армукъа, фембæлдтытæ зындгонд спортсментæ æмæ сфæлдыстады кусджытимæ...

Кæй зæгъын æй хъæуы, Ирыстоны экспозицийы уазджытæн зæрдæмæдзæугæ уыдзæн туристон балцæгтæ рамбулыны фадат. Бæрæгбоны архайæг адæмы нымæцæй æвзæрст æрцæудзысты цалдæр уæлахиздзауы. Уыдон фæстæдæр лæварæй абалц кæндзысты Цæгат Ирыстонмæ, базонгæ уыдзысты йæ адæмы хæдбындур культурæ æмæ æгъдæуттимæ, бабæрæг кæндзысты республикæйы зындгонддæр æрдзон бынæттæ.

Республикæйы боны мадзæлттæ барæсугъд кæндзысты адæмон кæфтыты паддзахадон ансамбл "Алан"-ы, зарæггæнджыты къорд "Алани"-йы, Дзæуджыхъæуы Гергиты Валерийы номыл аивæдты колледжы адæмон инструментты ансамблы, адæмон кæфтыты мæскуыйаг ансамбл "Алани" æмæ æндæр сфæлдыстадон коллективты уæнгтæ, зындгонд зарæггæнæг **Цæрикъаты Феликс** æмæ иннæтæ.

"Æмткæй райсгæйæ, Цæгат Ирыстоны бонмæ цæттæгæнæн мадзæлттæн сæ фылдæр хай ныридæгæн ахицæн. 7 декабрмæ баззайæг бонты дæргъы ма фæбæлвырддæр кæндзыстæм амынд программæйы лыстæг фæзилæнтæ. Табуафси, 7 декабры не 'мзæххонтæй фадат кæмæн уа, уыдоны хонæм форум "Уæрæсе"-мæ Цæгат Ирыстоны бонмæ", — кæронбæттæны фæбæрæг кодта Козаты Дианæ.

**СЛАНТЫ Аслан**

Иу уацы фæдыл

# Раст хъуыдытæ


Мæ хъуыдытæ

Фыдджын къабускаимæ

Фыдджын, дам, дæ цæнимæ хъæуы, къабускаимæ æви "гамбургеры" хуызы? Ацы ныхас фыццаг хатт фехъуыстон фæсивæды театр "Амыран"-ы спектаклтæй иуы. Фæлæ æнхъæл нæ уыдтæн, æмæ искуы ацы ныхас, æцæгæйдæр, æхсæнадон царды арф уидаг ауадздзæн, уымæн.

**Газет "Рæстдзинад" радон номыры, бæлвырддæр зæгъгæйæ, Джеоргуыбайы кадджын бæрæгбон, 23 ноябры дыккаг фарсыл бакастæн ДАДТЕТЫ Тамилæйы æрмæг "Фыдджын къабускаимæ", Тамилæ сæ нымайы йæ хъуыдытыл, æз та — раст фиппаинæгтыл. Уымæн æмæ, уый фæдис хъæр кæны нæ ирон адæммæ, тынгдæр та — сылгоймæгтæм.**

Бирæ ныхас цыдис газетты фæрстыл, уæливыхтæ чъиритæ ма хонæм, — фæлæ кæрдзынтæ, зæгъгæ. Суанг ма иу хатт быцæу ныхас дæр рауадис газет "Стыр Ныхас"-ы активонты 'хсæн дæр. Тамилæ йæ æрмæджы "Фыдджын къабускаимæ"-йы та нын бамбарын кодта, чъири раст ныхас кæй у, уый.

Иу хатт ма йæ æз дæр зæгъын: нартхор куы æрыссынц, уæд уыцы ссадæй сылгоймæгтæ скæнынц кæрдзынтæ æмæ сæ чъиритæ хонæн нæй, мæнæуы ссад та дзуллаг у æмæ дзы скæнынц нæ кадхæссæг чъиритæ.

Нæ ирон хæринæгты æхсæн æппæтæй сæйрагдæр сты чъиритæ, æмæ сæ дзырддаг куынæуал кæниккам, уымæн æмæ сæ абоны фæлтæр сæ чъиритæй зонынц.

Нæ ирон æгъдау æмæ фарнимæ æнгом баст сты, нæ кадджын сылгоймæгтæ цы чъиритæ скæнынц, уыдон. Æртæ чъирийæ кувæм иунæг Стыр Хуыцау æмæ Уастырджимæ æмæ фæзæгъæм: кæддæриддæр уын уæ ном æртыгай чъиритæ кувгæйæ ссарын куыд уа, ахæм амонд нæ уæд, зæгъгæ. "Чъиритæ æрхъуыды кодтой алайнаг хæстонтæ, цæмæй сын фадат уыдаид, дæргъвæтин балцыты æмæ стæры цæугæйæ, хæрзад æмæ хæссынæн рог хойраг хъуыд". Уæдæ ирон адæмæй дæр исчи искæдæм куы фæцæуы, лæппутæ — æфсады рæнхъытæм, уæд ма хистæртæ скувынц æртæ чъирийы. Нæ сæйрагдæр нысантæ уыдисты бæрæгбæтты чъиритæ кувын.

Ирон адæммæ стыр хуынаг уыдис нæлгоймагæн, йæ дыстæ рæбынoз батулгæйæ, арынджы уæлхъус æрлæууын æмæ чъиритæ кæнын. Чъиритæ кæныны бар хаудта нæ фарнхæссæг сылгоймæгтæм.

Ныртæккæ дæр бирæ хæдзæртты афтæ у, фæлæ мын, уæддæр æнæзæгъгæ нæй. Бирæ рæтты фенæн ис, табуафси, мидæмæ, зæгъгæ, мах гом стæм, хуымæтæджы хæрæндæттæ æмæ дын дæ разы авæрдзысты куыд къабускайы цæхджын, афтæ фыдджын дæр. Æмæ ма дæ фæрсгæ дæр акæндзысты, кæд фæлæудзыстут, уæд уын æртæ цæхæраджыны дæр акæндзыстæм, зæгъгæ. "Æмæ абон Джеоргуыбайы бæрæгбон куы у, уæд æртыгай чъиритæ куыд уæй кæнут?" "Хуыздæр гæнæн мын нæй, æхца мæ хъæуы, æмæ архайын. Æртæ чъирийы та æхсызгонæй æлхæнынц, куыд бынæттон цæрджытæ, афтæ фæндаггонтæ дæр", — ахæм дзуапп райхъуыст.

Уалынмæ хæрæндонмæ хæстæг æрлæууыдис фæсарæйнаг хæдтулгæ, рахызт дзы, дыууæ нæлгоймаджы æмæ иу сылгоймаг.

— Дард балцы цæуæм æмæ исты куы ахæриккам, табуафси, ирон фыдджын, къабускайы цæхджын...

"Кæд Æрджынарæгыл цæуат, уæд уын æртæ чъирийы дæр акæндзыстæм æмæ сæ Елхотмæ хæстæг фæндагсæры Уастырджийы кувæндоны скувдзыстут". Сылгоймаг ын арфæтæ ракодта æмæ стыр хъæлдзæгæй æртæ чъирийы райста. Фæлæ йæ цæстытæ атартæ сты, цас фидын хъæуы, уый куы айхъуыста, уæд. Ноджы ма цавæр ирон чъиритæ уыдысты, лауызтæ. Афтæ ирон чъиритæ сты, зæгъгæ, сайынц адæмы. Уыдонæн сæ фæсонæрхæджы дæр нæй, ирон кадджын чъириты кад дæлæмæ кæй кæнынц, æмæ æхцайы азары бахаудысты.

Дадтеты Тамилæйы уацхъуыды цы фиппаинæгтæ загъд ис, уыдоныл ахъуыды кæнын хъæуы ирон адæмы æмæ нæ кадджын чъириты фарн фæцудын ма бауадзæм. Уымæн æмæ сты не 'гъдау æмæ нæ фарн, нæ традицитæ, æмæ уыдон æхцайы фæрæзтыл чи халы, уыдон æцæг ирон адæм не сты, фæлæ цы схуындæуа, æвæццæгæн æдзæсгæмттæ. Чидæр сир кæнын нæ зыдта, афтæмæй кæмæндæр дзыкка кæнын амыдта...

**БОГАЗТЫ Арсæмæг,
Ирыстоны кадджын ветеран**

Юбилей



# Гæздæнты Гайто: иунæджы хъысмæт



**Фæсарæнты уырыссаг зындгонд фыссæг Гæздæнты Гайтойы райгуырдыл сæххæст 120 азы. Йæ фараст романы æмæ 37 радзырды раджы систы классикон уацмыстæ. Гайтойы цард, сфæлдыстады тыххæй йæ хъуыдытæ нæ газетмæ æрбарвыста Мæздæджы Бæстæзонæн музейы директор ЧЕЛДЫТЫ Симæ. Дæлдæр сæ мыхуыр кæнæм.**

Ивгъуыд æнусы 90-æм азты мын балæвар кодтой йæ уацмысты æртæ томы, цалдæр бонмæ сæ æнæ 'рлæугæйæ бакастæн. Цы æнкъарæнтæ мæм сæвзæрд, уый ныхæстæй зын зæгъæн у. Мæ фыццаг хъуыды уыд, цас гæнæн ис, уымæй йæ цæмæй йæ историон райгуырæн бæстæйы фылдæр адæм базоной, чи уыд, уый. Йæ æмбисонды хъысмæты тыххæй мæ фыццаг æрмæг рацыд газет "Мæздæггаг фидиуæг"-ы, бакастæн йæ цард æмæ сфæлдыстады тыххæй чингуытæ, федтон режиссертæ Рафаэль Гаспарянц æмæ Туаты Теминæйы документалон кинонывтæ. Афтæ мæ уды равзæрд Гæздæнты Гайтойы фæлгонц — диссаджы адæймаг трагикон хъысмæтимæ æмæ хъыджы прозæимæ.



Хъысмæты афтæ бафæндыд, æмæ урсгвардион Гæздæнты Гайто эмиграцийы балæууыд. Фыссæг цы адæмы 'хсæн цæра, уыцы культурæйы тæваг йе сфæлдыстадыл æнæзынгæ нæ фæвæййы. Йæ чингуытæ, куыд интеллектуалон прозæйы дæсныдзинады æвдисæнтæ, мыхуыры цæуынц бирæ тиражтæй, куыд йæ райгуырæн бæстæйы, афтæ фæсарæнты дæр. "Ам зæлы музыкæ, æвзаг зылланг кæны, цæхæртæ калы, суанг ма тæф дæр кæны... Уый дзырды æцæг сфæлдыстад у", — дзырдта Гайтойы сфæлдыстад иртасæг Америкæйæ Ласло Диенеш. Йæ цард æмæ сфæлдыстады тыххæй цы чиныг ныффыста, уым æй уыны, Пушкины, Тургеневы, Чеховы, Бунины традицитæ дарддæр чи хæццæ кæны, ахæм фыссæгæй. Йе сфæлдыстады тыххæй дарддæр фыссы: "Цы æвзагæй пайда кæны, уый йæ кæны уырыссаг фыссæг".

Фæсарæйнаг уырыссаг критиктæ йæ арæх барстой Владимир Набоковимæ, францæгтæ — Альберт Камю æмæ Жульен Гринимæ.

Гæздæнты Гайто райгуырд 1903 азы 6 декабры. Йæ ныййарджытæ уыдысты Гæздæнты Иван æмæ Абацииты Верæ. Йæ фыды фыд Саге архайдта 1877-78 азты уырыссаг-туркаг хæсты, сыздæхт дзы хæрзиуджытимæ. Урсдонæй рацæугæ Гæздæнтæ Дзæуджыхъæумæ ралыгъдысты XIX æнусы, Абацитæ та уыдысты Куырттаты комы Дзывгъисæй рацæугæ, быдыры цардысты Хъæдгæроны. Дыууæ мыггаджы дæр хъуыстгонд уыдысты сæ ахуыргонддзинадæй, бирæ сæм уыд афицертæ, уыдонимæ, инæлар Абациты Дзамболат. Иван каст фæцис Бетъырбухы Хъæды институт, йæ куысты фæдыл æй хъуыд рацу-бацу кæнын куы Сыбырмæ, стæй Белоруссимæ, кæнæ та Украинæмæ æмæ Смоленскмæ. Гайтойы мад Верæ сахуыр кодта Бестужевы курсыты, зыдта цалдæр фæсарæйнаг æвзаджы. Ууыл фæцайдагъ кодта Гайтойы дæр, лæппу иттæг хорз зыдта францусаг æмæ немыцаг æвзæгтæ. Уырыссаг фалдзусы рæзгæйæ, лæппуйы уæнгты ахъардта йæ адæмы хъæздыг культурæ.

Ацы бинонтæй алы рæстæджыты бузныгæй баззадысты æмæ сын стыр аргъ кодтой Хетæгкаты Къоста æмæ Абайты Васо. Хорз ахуырад райстой бинонты кæстæртæ, уыдонимæ — Гайтойы мад Верæ дæр. Гайто ацы хæдзары райгуырд, фæцард дзы фыццаг æртæ азы, æвæргæ та йыл скодтой йæ фыды æмбалы ном.

Йæ ныййарджытæ хорз зыдтой ирон æвзаг, фæлæ йыл Гайто йæхæдæг нæдæр дзургæ кодта, нæдæр — фысгæ. Бæргæ фæсмон кодта, иронау кæй нæ зоны, ууыл: "Ирон æвзаг, хъыгагæн, нæ зонын, кæд æй мæ ныййарджытæ хорз зыдтой, уæддæр... Ахуыр кодтон Парижы университеты, фæлæ уырыссаг æвзаг баззад мæ мадæлонæй... Мæнæн уæддæр мæ дадзинты мæ райгуырдæй сыгъдæг ирон туг згъоры", — 1930 азы фыста Байаты Гаппомæ, стæй Хæдарцаты Азæмæ 1964 азы. Йæ зæрдыл дардта кавказаг сывæллоны бонты æнкъарæнтæ. "Æрвылаз каникулты рæстæг цыдтæн Кавказмæ, уым цардысты мæ фыды бирæ хиуæттæ. Горæты кæронæй, мæ фыды фыды хæдзарæй-иу араст дæн хæхтæм. Уæлæрвты зилдух кодтой цæргæстæ, бæрзонд кæрдæджы цыдтæн мæ хæцæнгарзимæ — монте-кристо топпимæ. Æхстон сырддон цъиуты, фæрсырдыгæй уынæргæнгæ згъордта Терк, æмæ йæ лакъондоны сæрмæ иунæгæй лæууыд сау куырой", — фыста Гайто. Йæ фыды тынг мысыд, цардæй ахицæн, Гайтойыл авд азы куы цыд, уæд. Бахъуыды йæ кодта, цымыдис ын уыдысты философи æмæ социалон фарстатæ, æрæмбырд кодта хъæздыг библиотекæ. Фæстæдæр йæ фыды тыххæй мысснæгтæ равдыста йæ роман "Вечер у Клер"-ы. Цыппæрдæс азы йыл цыд, афтæ базонгæ Людвиг Фейербахы, Спинозæйы, Юмы, Ницшейы, Шопенгауеры, Канты уацмыстимæ, фæлæ йын канд философи нæ уыд цымыдисаг. Гимназ каст нæма фæцис, афтæ бакаст Пушкины, Лермонтовы, Толстойы, Достоевскийы, Блокы, Шекспиры, Байрон æмæ Гюгойы уацмыстæ. Классикон литературæ йын фидæны æххуыс уыд фыссæджы фæндаг ссарынæн.



Йæ мад Верæимæ

Ахуыр кодта Полтавæйы кадетты корпусы, фæстæдæр — Харьковы гимназы, фæлæ йæ ныууагъта æвдæм кълас каст фæуыны фæстæ. Цыд граждайнаг хæст, æмæ иуварс лæууын йæ сæрмæ нæ хаста. 1919 азы йæ мадæн "хæрзбон" загъта (уый фæстæ йæ никуыуал федта), æмæ бацыд бархионты æфсадмæ, службæ кодта салдатæй згъæр поездыл. Уыцы цау фыццаг бакастæй зыны, куыд хъæздгуыты бартыл хæцæг. Фæлæ уый бынтон афтæ нæ уыд. Йæ роман "Вечер у Клер"-ы уымæн ис дзуапп ссарæн. Романы хъайтар Николай авторы хуызæн цæуы хæцынмæ. "Бархионтæ фæуæлахиз уыдзысты æви нæ, уыцы хъуыдыйыл тынг нæ тыхстæн. Мæн фæндыд зонын, цы у хæст, уый уыд тырнындзинад ногдзинад, æбæрæгдзинадмæ". Зæрдæмæхæссаг, æнкъараг, алцы фиппайаг лæппуйыл æхсæрдæс азы дæр нæма сæххæст, афтæмæй хæсты федта æппæт дæр: тугкалæн хæстытæ, ауыгъд адæмы, мард æфсæддонты. Æппæт уыдæттæ баззадысты йæ мысинæгты, уымæн афтæ бирæ ис мæлæты цаутæ йæ уацмысты.



Йæ цардæмбал Фаинæ Ламзакиимæ

Буденныйы бæхджын æфсад урсгвардионты атардта хуссармæ, Хъыриммæ. 1920 азы ноябры, Врангелы æфсадæй ма чи баззад, семæ Гайто дæр, уыдон науы сæ фæндаг денджызыл сарæзтой Константинополмæ. Бирæ рахау-бахауы фæстæ бацыд гимназы фæстаг курсмæ, кæцыйы хæстæгдæр рæстæг раивтой Болгаримæ, Шуменмæ. Уый тыххæй ныффыста радзырд "На острове".



1923 азы гимназ каст фæцис æмæ ацыд Парижмæ. Уаргъæвæрæгæй порты куыста боныгон, æхсæвы та — таксистæй. Æрдзæй рахаста фидар æнæниздзинад æмæ тыхджын удысконд, уыдоны фæрцы ахызт уырыссаг эмигранты зын царды сæрты. Фæлæ уыдта, иннæтæ куыд мæлынц, сæхимæ къух куыд сисынц, сæ сæры зонд куыд фæцæуы, мæгуыр сыл куыд схæцы æмæ куыдфæстæмæ цауддæргæнгæ куыд æрцæуынц. Йе сфæлдыстады уыцы темæ фидæны свæййы раззагдæртæй иу.

Гæздæнты Гайто бацæуы Сорбоннæйы университетмæ, райдайы фыссын, йæ уацмыстæ цæуынц мыхуыры. Сæдæ азы размæ, 1923 азы фæзынд йæ роман "Изæр Клермæ". Æрыгон фыссæджы ном уадидæгæн айхъуыст уырыссаг эмиграцийы 'хсæн. Уырыссаг фæсарæйнаг литературæйы уый сси граждайнаг хæсты тыххæй хуыздæр уацмыстæй иу. Чиныг арвыста Максим Горькимæ. "Стыр æхсызгонæй йæ бакастæн, зæгъæн ис, æмæ дзы уды æхцондзинад райстон, уый та стæм хатт вæййы, — фыста Горький . — Ды, кæй зæгъын æй хъæуы, дæхæдæг дæр æй æмбарыс, стыр курдиаты хицау кæй дæ. Уымæ ма бафтаудзынæн, хицæнхуыз курдиаты хицау. Æцæгдзинадæй, уыцы хатдзæг канд "Изæр Клермæ" бакæсгæйæ не скодтон, фæлæ ма дæ радзырдтæй дæр — "Гавайаг гитарæтæ" æмæ иннæтæй. Афтæ зыны, аив зæл нывгæнæг дæ, дæ зонд æрдзæй рахæсгæ ахаст, æнкъарынадмæ нæ хизы, дæхицæй кæм фæцæуы, уыцы ран. Хуымæтæгдæр у — æнцондæр дын уыдзæн, у сæрибардæр æмæ хъомысджындæр".

Максим Горькийы цæстæнгас, йæ цæстуарзон ахаст, фиппаинæгтæ, хорзæрдæм сахадыдтой Гæздæнты Гайтойы сфæлдыстадыл. Бузныгæй дзы баззад, Уæрæсейы йæ мыхуыры рауадзыны курдиатимæ йæм куы фæсидтис, уæд. Гайто тырныдта Уæрæсемæ, фыццаджыдæр, куыд фыссæг. Райгуырæн бæстæйæ кæй фæхицæн, ууыл уыд йæ хъизæмар Владимир Набоков, Марк Алданов, Борис Зайцевæй хъауджы. Хорз æмбæрста, нывгæнæджы сфæлдыстадæн "хи зæххы суадæттæ" кæй дæттынц тых. Йæ автобиографион радзырдтæй иуы фыста: "...æмæ мæм иу хатт афтæ каст, цыма Парижы дæр нæ уыдтæн, нæ мысыдтæн, нæ мын уыд къуыхцытæ, кæимæ æмбæлдтæн, уыцы дæргъвæтин трагикон æмæ утæхсæн цаутæ, нæ уыдысты, нæдæр кæуыл æмбæлдтæн, уыцы удæгас мард адæймæгтæ. Уыдоны бæсты кæмдæр, Уæрæсейы бæзджын дыргъдоны уыд дард æмæ мæ мысинæгты чи бамынæг, уыцы сабибонты хур бон".

Йæ дыккаг егъау уацмыс у "История одного путешествия" — уарзондзинад, амонд, фембæлдтыты æмæ царды идзæлæнты тыххæй. Фыссæг дзы æвдисы уырыссаг адæймаджы хорз цард æцæгæлон бæстæйы. Иунæг уацмыс, Райгуырæн бæстæйæ дард ран хорз цард кæй ис саразæн, уый фæдыл æнкъарæнты сайдимæ. Ацы чиныджы къаддæр æвдыст цæуы мæлæт, чиныгкæсæджы æфтауы царды цыды сыгъдæг хъуыдытыл.

Роман "Полет" мыхуыры рацыд 1939 азы. Критикты хъуыдымæ гæсгæ, уый уыд "Гæздæны-фырт — психолоджы фыруæздандæр уацмыстæй иу". Романы кæронбæттæн хъайтарты фылдæр хай авиакатастрофæйы фæмард вæййынц, сæ раздæры царды уаг нæ хынцгæйæ...

Фыссæджы иннæ роман "Ночные дороги" раргом кодта эмиграцийы царды æнæбондзинад. Раздæры кънйæзтæ æмæ графтæ, булкъонтæ æмæ ротмистртæ, салдæттæ æмæ къупецæгтæ, инæлартæ æмæ денщиктæ ныр кусынц таксисттæ æмæ уаргъхæсджытæй, швейцартæй, сты цæстфæлдахджытæ. Æхсæвы кусæг таксисты ныхæстæй, армытъæпæныл сты ииуылдæр. Æцæгдзинад æвдисæг у роман, адæймаджы æрдзы сконд фæфæлмæндæр кæныны тыххæй йæм автор ныффыста эпиграф: "Архайджытæ сты æрхъуыдыгонд". Æвæццæгæн, уый хынцгæйæ, йæ роман "Пилигримы" уымæн афтæ ныффыста: "Адæмы фылдæр хайæн тæригъæд кæнын хъæуы. Дуне хъуамæ ууыл арæзт цæуа".

1936 азы Ривьерæйы Гайто базонгæ йæ фидæны бинойнаг Фаинæ Ламзакиимæ — одессæйаг бонджын грекъаг бинонты чызгимæ, кæцы уыд йæ фарсмæ йæ царды фæстаг бонмæ.

30-æм азты Дзæуджыхъæуы йæ мад сæйгæ рынчын у, уый базонгæйæ, Гайто фæсидт йе 'мбæлттæм, Горькимæ, цæмæй йын баххуыс кæной Советон Цæдисмæ раздæхынæн. Фæлæ йын нæ бантыст, уыцы рæстæг репресситæ стыхджын сты.

1939 азы бафыста Францы республикæйыл иузæрдæдзинады деклараци. Ныхмæлæуддзинады архайæг уæвгæйæ, активонæй æххуыс кодта партизанты змæлдæн. Уыцы цаутæ ирдæй равдыста документалон чиныг "На французской земле"-йы.

1953 азæй йæ амæлæтмæ куыста радио "Свобода"-йы. Йæ фæстаг азтæ уæззау уыдысты: рæуджыты рак æй сындæггай хордта. Фæстагдæр æй чи бабæрæг кодта Мюнхены, уый уыд фыссæг Леонид Ржевский: "Фаинæ Дмитрийы чызгимæ арвыстам дыууæ изæры. Фæстаг уыд æхсæвæр кæнгæйæ. Уый фæстæ Георгий Иваны фырт каст, йæ ног æрхъуыдыгонд роман уыд æви уацау — нæ йæ хъуыды кæнын! Нæ йын хъуыды кæнын йæ мидис, уымæн æмæ йæ куы каст, уæд каст йæхи — низæфхæрд цæсгомы æууæлтæ, цæстытæ, йæ тыхулæфт..." Афæдз тох кодта низимæ. Йæ ахицæны размæ фæдзæбæх, суанг ма фысгæ дæр кодта, йæ хиуæттæ æмæ æмкусджытæ, аирвæзт, зæгъгæ, дæр дзырдтой, фæлæ диссаг не 'рцыд, 1971 азы 5 декабры, йæ райгуырдæй бон раздæр ахицæн цардæй...

Фæсарæнты мыхуыры фæрæзтæ, канд уырыссæгтæ нæ — се 'гас дæр ын аккаг аргъ скодтой, нырыккон литературæмæ цы бавæрæн бахаста, уымæн. Æрмæст цы Райгуырæн бæстæмæ тырнылта раздæхынмæ, уым йæ ном ферох кодтой. Гæздæнты Гайто ныгæд æрцыд Парижы бынмæ Сент-Женевьев-де-Буайы уырыссаг уæлмæрды.

XX æнусы 90-æм азты йæ цыртыл фыстытæ зынтæй уыд бакæсæн. Не 'мзæххон Белеккаты Владимир æй афтæмæй куы федта, уæд сфæнд кодта йæ ингæныл цырт сæвæрын. Баххуыс ын кодтой Гергиты Валери æмæ Болloты Таймураз. Цыртдзæвæны автор — Соскъиты Владимир, афтæмæй гом æрцыд 2001 азы 26 сентябры.

Куырыхон адæймаг, цы рæстæджы æмæ йæ, кæм фæндыд, уыцы ран нæ нæ фæцард. Адæмы истори иунæджы историйæ тыхджындæр у.

## Цардæй ист хъуыдытæ

❋❋❋

***Чи адæмы 'хсæн æгъдау дæтгæйæ, адæмы уарзгæйæ базæронд вæййы, чи та сын йæ хуыгомæй сæ хуыздæртыл цъыф калгæйæ, адæмы фыдæх йæхимæ исгæйæ.***

❋❋❋

*Адæймаджы удыхъæды цыдæриддæр æвзæрæй вæййы, уыдон сæхи ирдæй равдисынц йæ зæрондæй, æмбæхсын сæ куы нал фæфæразы, уæд.*

❋❋❋

***Зонд, æгъдау амонын æнцон у. Фæлтау сæ хъуыддаджы равдис.***

❋❋❋

***Дæ бон аивын цы нæу, ууыл дæхи ма хæр. Уæлдайдæр, цы æрцыд, ууыл. Хуымæтæджы нæ баззад ирон æмбисонд: "Гуырдзиагау дзабыр космани, цы æрцыдис, уымæн хос нал и".***

❋❋❋

*Ирон æвзагыл сæхи атигъ кодтой æмæ йæ сæфты фидæныл фыццаджыдæр æфтауынц ныййарджытæ. Сæхицæй ма иронау кæрæдзимæ чи дзуры, уыдон дæр сæ цотимæ ныхас кæнынц уырыссагау. Суанг хъæуты дæр. Афтæмæй та йæ дидинæгкалæн бынат ис хъæуты.*

❋❋❋

***Цы адæймаг йæхи зонджын хоны, уымæн уымæй тæссаг нæу.***

❋❋❋

*Цард фыдæбон у, æмæ дзы адæмæй иутæ æнæхъинц уæрдонау фыдæбоныл сты, стæй ма сын иннæтæ дæр сæхи буц кæнынц, куыд зын цæрæн сын у, цæрын сæм кæй нæ цæуы, уый цыма уыдоны аххос у, уыйау.*

❋❋❋

***Рæстытæ куы нæ дзурай, уæд дын иу хаттæй иннæмæ æнæфæрæдигæ нæй. Раст та растæй зайы æдзухдæр.***

❋❋❋

*Æгъдауыл иузæрдион чи у, уый фыццаджыдæр хъуамæ йæхæдæг уа æгъдауджын, стæй йæ дæ бинонты цардæй равдис.*

❋❋❋

***Ирон æгъдауы, ирон æвзаджы сæрыл тынгдæр дзурын райдыдтой, нырмæ кæй нæ хъуыдысты æмæ сæ рæстмæ чи нæ зоны, уыдон.***

❋❋❋

*Ирон адæм сæхи хуызæн никæй кæнынц, фæлæ сæхæдæг искæимæ цæргæйæ уыдоны хуызæн афтæ тагъд авæййынц, æмæ ныййарджытæ сæ цотимæ цы æвзагыл дзурой, уый нал фæзонынц. Афтæмæй ирæттæй бирæ батад гуырдзыйы, уырысы, кæсæджы, мæхъхъæлы, тæтæры æмæ ма суанг Астæуккаг Азийы адæмты æхсæн.*

***ИГЪОЙТЫ Хазби***
***(Уыдзæн ма)***

## Уыдис ахæм цау

# Фæндыры фарн

**"Сæумæйы æртæх нæма бахус, цъиуты зарын нырма ныр куы райхъуыст, уæд цымæ уæртæ уыцы чызг кæдæм фезгъоры", — йæхинымæр ахъуыды кодта Тауырзæт æмæ йæ райсомы куыстытыл фæцис.**

Бæстæ æххæст хъал нæма раци, фæлæ хъæуы уынгтæ сабыргай цыма æгас кæнынц, афтæ алырдыгæй хъуысы адæм æмæ фосы уынæр.

Тауырзæты чызг Риммæ кулдуары рæбынты фезгъоры сыхæгтæм. Саулагъз гыццыл чызг йæ тæнæг къабайы рæвдз уайы æмæ дзыхæй цæгъды.

Уæдæ куыд? Цæмæй йæ ма ферох уа! Риммæ бахæццæ сыхæгты дуармæ. Ам цард йæ хорз æмбал Ленæ. Ленæмæ та уыд фæндыр! Уымæ гæсгæ æрвылбон згъордта сыхæгтæм, фæндырмæ цыбæлгæнгæйæ...

Чызг йæ къух сдардта, цæмæй бахойа мидæмæ, фæлæ исдуг аджих, нырма кæд фынæй сты, зæгъгæ... Фæлæ та иу уысмы фæстæ, фæндыр цæстытыл куы



ауад, уæд дуар уыцы иу хост ныккодта. Йæхинымæр загъта, мæ цагъд мæ цæйнæфæлтау ферох уа, уый бæсты райхъал уæнт. Дыккаг хосты фæстæ райхъуыст Ленæйы мад Уарзеты ныхас.

— Риммæ дæн, — сабыр хъæлæсæй сдзырдта чызг. — Мæ цагъд... Мæ цагъд мæ, зæгъын, ферох уыдзæн...

— Уæу, нал дæ фæразæм, мæнæ чызг! Нæ хуыссæнты нæ хуыссын дæр куы нал уадзыс. Мæ бон дæ нал у! Ахæсс ма йæ, дæ хорзæхæй, дæхицæн! — Афтæтæ дзургæйæ, ус дуарæй раппæрста фæндыр æмæ мидæмæ араст. Гыццыл Риммæйæн йæ дзыхы ныхас дæр нал бадт фырцинæй.

Бузныг зæгъын дæр нал сфæрæзта. Фæлæбурдта фæндырмæ æмæ лыгъд радта сæ хæдзармæ! Цыма тæрсгæ кодта, Уарзет ын фæндыр фæстæмæ исынмæ куы фæуа, уымæй. Цæмæй тагъддæр бахæццæ уа, уый тыххæй цæхæрадоны рæбынты згъордта. Сæ сыхы цæхæрадæттæ уыдысты бæрзонд ист. Сæ бынмæ уади цæугæдон.

Хуылыдз кæрдæгыл чызджы къах фæбырыд æмæ гыццыл къуыбырæй æрцъыгъгъуытт ласта. Ныххуылыдз йæ тæнæг къаба, иу дзабыр — къахыл, иннæ — нæ, афтæмæй фæндырыл фидар хæцгæйæ, фæкуыси ис кæртмæ. Кæрты астæу лæууыд Тауырзæт æмæ сæрæй къæхтæм æркаст Риммæмæ.

— Уый та дæ къухы цы ис? Дон дын æй раласта?

— Нæ. Уарзет мын æй кулдуарæй раппæрста, — дзуапп радта чызг.

— Уый та ма цавæр "раппæрста" у? Уайгæ фæстæмæ мæ разæй.

Риммæ зыдта, мадимæ тох кæнæн кæй нæй, æмæ сабыргай, уæззау къахдзæфтæгæнгæ уад йæ мады фæстæ.

— Цæмæн та 'рбахæццæ стут? Цы ма уæ хъæуы, цы уæ дарын, Гæджынатæ, — хъазгæ-худгæ дзырдта Уарзет Тауырзæтмæ. Сылгоймæгтæ ныхæстыл фесты.

Риммæ сабыргай йæхи иуварс айста, дурыл фæндаггæрон æрбадт, æмæ æнæхъæн сыхыл айхъуыстысты фæндыры зæлтæ...

**КАЛМАНТЫ Этери,**
**æхсæнадон уацхæссæг**

2023 — Нартиадæйы аз

# Дзерассæ-рæсугъд

**Дзерассæ-рæсугъд (Сасана — ахæм номимæ дæр æмбæлы кадджыты) — Донбеттыры чызг, Нарты Æхсæртæджы ус, Уырызмæг, Хæмыц, Сатана æмæ Сырдоны мад. Уымæй равзæрдысты дунейы фыццаг куыдз Силæм æмæ Уырызмæджы бæх хъулон æрфæн-зæххон бæхты фыдæл. Уый йæ дыууæ хоимæ фæцалх Нарты диссаджы фæткъуыы бæласы иунæг æлутон фæткъуы æхсæвыгон давынмæ. Æртæ маргъы — æхсинæджы хуызы. Æхсæртæг æй давгæ-давын фатæй фехста, æмæ ма уый цæфæй ныллæджыты атахт денджызы бынмæ. Æхсæртæг ын йæ туджы æртæхтæ æрбамбырд кæны зæлдаг кæлмæрзæны æмæ йæ фæдыл денджызы бынмæ Донбеттыртæм ныххизы.**

Ам куыд базоны, афтæмæй уыцы æртæ æхсинæджы сты æртæ хойы — Донбеттыры æртæ чызджы, цæф та хуыйны Дзерассæ, æмæ йæ фервæзыны амал ис йæ къухты — йæ туджы æртæхтæй. Куы йыл сæ бафу кæнай, уæд фервæздзæн, кæннод ын фервæзæн нал ис. Æмæ йæ чи сдзæбæх кæна, уыцы лæгæн æй Хуыцау сакка́г кодта, уымæн æй усæн радтиккой.

Бацыд Æхсæртæг рынчыны размæ, æмæ уый цæстытæй мах дæр кадæджы уынæм Дзерассæ-рæсугъды: "Чызг сынтæджы хуыссы, йæ сыгъзæрин дзыккутæ зæхмæ зæуззæу кæнынц, йæ цæсгомæй худынц хуртæ, йæ дæллагхъуырæй кæсынц мæйтæ; разылд Æхсæртæджы 'рдæм.

Уæд Æхсæртæг бахудти йæ мидбылты фырцинæй æмæ фелвæста йæ фæснахæй зæлдаг кæлмæрзæны тыхтæй чызджы туджы æртæхтæ æмæ йыл сæ бафу кодта. Дзерассæ-рæсугъд, цы уыдис, уымæй авд ахæмы хуыздæр фестади.

Фараст бон æмæ фараст æхсæвы чындзæхсæв фæкодтой Æхсæртæг æмæ Донбеттыры чызгæн. Арвыл Хур æмæ Мæйау фидыдтой иумæ Дзерассæ æмæ Æхсæртæг".

Мæнæ куыд зæгъы Уастырджи та Дзерассæйæ, Æхсар æмæ Æхсæртæг денджызы был кæрæдзийы кæрдтыл куы бафтыдысты, æмæ йæ уыдонып тыхст хъарæг кæнгæ, ныр сын цы ми кæнон... сæ хъамбул уæрджытæ, сæ цæхæр цæстытæ æмæ сæ сырх уадултæ сынтытæн, рувæстæн хæрынмæ куыд ныууадзон, зæгъгæ, куы æрбаййафы, уæд: "Уæ хурты хур æмæ арвы фидауц, уæ мæ рухс дуне æмæ бæсты рæсугъд! Æз рагæй дæр дæ фæдыл куы зилын, уæд цæуыл хъыг кæныс, цы дыл æрцыд?"

Уастырджи йæ ехсы фындзæй зæхх æркъуырдта, æмæ дыууæ æфсымæры марды ингæны фестадысты. Сæ ингæныл та фæзынд диссаджы цырт, чъыр æмæ дурæй амад, рæсугъд галуан йæ алыварс, афтæмæй. Фæлæ йын Дзерассæ уæддæр усæн нæ бакуымдта. Йæ æдзард мой Æхсæртæгыл иузæрдион уыд æмæ Уастырджийы асайдта. Денджызы был мæхи ахсон, зæгъгæ, йæхæдæг ныффардæг йæ цæгат Донбеттыртæм.



ТУГЪАНТЫ Махарбеджы конд ныв

Уастырджи йæм бартхъирæн кодта: "Гъей, додой дæ къона! Уæлæуыл дыл нæ фæхæст уыдзынæн, фæлæ мын мæрдты та кæдæм ирвæздзынæ". Дзерассæ зоны, Уастырджи йæ æвыдæй кæй нæ ныууадздзæн, уый, æмæ, куы мард, уæд йæ фырттæн ныффæдзæхста, зæгъгæ, хорз лæгæй хæс нæ дарын, мæрдты дæр мæ нæ ныууадздзæн, æмæ мæ-иу фыццаг æртæ æхсæвы дзæгъæлæй ма ныууадзут. Фыццаг дыууæ æхсæвы йæ Уырызмæг бахъахъхъæдта. Æртыккаг æхсæв æй Хæмыц зæппадзы иунæгæй ныууагъта, йæ гуыбыны фæдыл ацыд чындзæхсæвмæ, æмæ Уастырджи уайтагъд зæппадзы фестад. Нымæтын ехсæй æрцъыкк ласта Дзерассæйы, æмæ, Дзерассæ удæгасæй цы уыд, авд ахæмы хуыздæр фестад. Æмæ йæм бацыд, стæй та йæм бауагъта йæ бæх æмæ егары. Уый фæстæ та йæ нымæтын ехсæй æрцъыкк ласта, æмæ, ус фæстæмæ куыд уыд, афтæ мардæй фестад.

Афæдзы фæстæ Дзерассæ-Сасанайæн мардæй зæппадзы райгуырд — Сатана, Æрфæн æмæ Силæм.

Дзерассæйы фыццаг зæнæг сты Æхсæртæджы фаззон фырттæ Нарты номдзыд хистæр Уырызмæг æмæ болатрихи Хæмыц. Фæстæдæр ын цæугæдæттæ æмæ суадæтты бардуаг Гæтæгæй та æнæбары райгуырд Нарты фыдбылыз гæды Сырдон. Йæ фырттæ Уырызмæг æмæ Хæмыц та йæ сæ фыдыфыд Уæрхæгæн сус кодтой.

Дзерассæ-рæсугъд (Сасана) у Нарты Стыр мад — цардæттæг мад. Зæххау рæдау, рæвдауæг æмæ бæркадджын. Йæхи нæ, фæлæ йыл иннæты аххосæйдæр цы бæллæхтæ æрцыд, уыдоны фæстиуджытæ дæр Нартæн сты хорз, хæрзаудæн æмæ кады хос.

**ЦГЪОЙТЫ Хазби**

Цæстдард

## Зæххытæ иртасыны

**Дыгуры районы Николаевскæйы станицæмæ 'ввахс æрбынæттонуæвæг хъæууонхæдзарадон нысаниуæджы зæххытæ иртасыны рæстæг зæххы закъонæвæрынады бирæ хæлдтытæ раргом сты.**

Зæгъæм, дыргъдæттæг æмæ донхорыггæнæн зайæгойтæм чи нæ хауы, амынд зæххыты цæгатаг хайы рабæрæг сты 1,9 гектары фæзуатахсæг ахæм бæлæстæ æмæ къутæртæ. Зæххыты хуссайраг хайы рабæрæг донуадзæнимæ къанау. 150 метры дæргъæн ацы къанау рауад суадоны донвæд зæхкусæн техникæйæ уæрæх æмæ арф кæныны фæрцы. Къанаумæ 'ввахс 1050 квадратон метры фæзуатахсæг территорийыл ныккалдтой змис æмæ хуыр. Къанауæй ныгуылæныrдæм 120 квадратон метры фæзуатыл æрзад сындзджын хæмпæлгæрдæг.



"Россельхознадзор"-ы управлени зæххы хайы хицау Сырхауы-фыртæн закъонæвæрынады домæнтæ халыны тыххæй бауайдзæф кодта.

**"Россельхознадзор"-ы цæгатирыстойнаг хайады пресс-службæ**

Арфæ

## Газет "Рæстдзинад"-ы иузæрдион хæлар Хъæдохты Хъæлæмырзæйы фырт Аркадийæн



*5 декабры нæ зынаргъ, нæ уæздан æмæ уарзон хистæр Хъæдохты Аркадийыл æххæст кæны 83 азы. Уый фæдыл ын газет "Рæстдзинад"-ы кусджытæ кæнынц зæрдиаг арфæтæ.*

*Аркади, ды дæ нæртон зæрдæйæ, бирæ хæрзты бацыдтæ канд хиуæттæн, сыхбæстæн нæ, фæлæ ма зонгæтæ æмæ алфамбылай адæмæн. Уæдæ газет "Рæстдзинад"-æн дæр дæсгай азты æххуыс кæныс, дæ фадат куыд амоны, уымæ гæсгæ. Дæ ирон адæмы раз, бæрндзинад æнкъаргæйæ, иу хъуыддаджы дæр иуварс нæ лæууыс. Дæ кадджын ном хъуыстгонд у канд нæ республикæйы нæ, фæлæ ма сыхаг республикæты дæр. Хорз фыд, хорз дада, хорз хиуон, диссаджы сыхаг, фæзминаг хистæр, уæдæ ма хуыздæр цы вæййы Лæджы номæн!..*

*Аркади, кæстæр фæлтæрæй бирæты сахуыр кодтай фæллой кæныныл. Уыдон абон дæуæй бузныг сты, дæ хорзы кой фæкæнынц... Бирæ азты ма нын æнæнизæй, хъомысджынæй, дæ бон лæггад кæнын куыд уа, рæдаудзинад тауын нæ уарзон зæххыл, уыцы арфæ ракæнæнт Хуыцау æмæ йе сконд зæдтæ! Дæ хуызæн амалхъом адæмтæ фылдæрæй фылдæр кæнæнт нæ Ирыстоны, се 'гъдау, сæ фæлтæрддзинад кæстæртæм куыд хæссой æмæ нæ дуне сабыр куыд уа, уыцы амонд нæ уæд не 'ппæты дæр!*

*Уæлахиз уæд нæ Ирыстон æмæ нæ газеты иузæрдион хæлар — Хъæдохты Аркади!*



***Газет "Рæстдзинад"-ы коллектив***

Аивад

## Дунеон конкурс-фестивал

**8-10 декабры Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты чи ацæуудзæн, "Кафты дуне-2023" уыцы дунеон конкурс-фестивалы нæ республикæйы сфæлдыстадон коллективты æмрæнхъ архайдзысты Луганск, Хуссар Ирыстон, Абхаз æмæ Беларусæй уазджытæ.**

Фестивал аразынц алыхуызон адæмты национ хæзнатæ скадджын кæнын æмæ культурæты 'хсæн бастдзинæдтæ фæфидар кæнынæн. Ансамблтæ архайдзысты номинаци "адæмон кафт"-ы. Конкурсон уагæй кæй равзардзысты æмæ, хæрзиуджытæ кæмæн раддзысты, раззаг бынæттæ бацахсæг, уыцы коллективтæ равдисдзысты гала-концерт.

— Ацы фестивал ахъаз кæндзæн алыхуызон культурæты 'хсæн хæлар ахастдзинæдтæ фидар кæнынæн, стæй адæмон кафты аивад бахъахъхъæнынæн, — зæгъы Цæгат Ирыстоны Фæсивæды хъуыддæгты комитеты минæвар, культурæйы паддзахадон кусæндон "Цæгат Ирыстоны Фæсивæды галуан"-ы директоры хæдивæг **Гагиты Артур**.



Уæрæсейы субъектты фæсивæдон политикæйы райрæзты комплексон программæ "Регион æрыгæттæн"-æн лæвæрд федералон субсидийы фæрцы дзыллон мадзалæн фадæттæ аразынц нæ республикæйы Фæсивæды галуан æмæ Фæсивæды хъуыддæгты комитет.

**Янæ КОРЯЕВА**

Мæздæджы районæй

## Тъепатæ — цадмæ

**Карскæйы цадмæ радон уагæй рауагътой 20 тоннæйы бæрц алыхуызон кæсæгты тъепатæ.**

Æртæ азы размæ сæвзæрд кæсагахсджыты æмæхсæнад "Карский". 2020 аз кæсагахсджытæ бацæттæ кодтой фæз, æрæмбырд кодтой фæрæзтæ, стæй алыхуызон кæсæгты тъепатæ балхæдтой. Адæм кæсæгтæ æмбæлгæ уагæй цæмæй лæвар ахсой, "Карский"-ы уæнгтæ уымæн фадæттæ аразынц.

— Браконьерты ныхмæ цæмæй тох кæнæм, уый тыххæй æхсæвæйбонæй цад хъахъхъæнын райдыдтам. Ам саразтам фæлладуагъдæн æмæ кæсæгты холлаг дарынæн уавæртимæ чысыл будкæ. Ис нæм ахст кæсæгты бæрцамонæн таблицæ. Нормæмæ гæсгæ, иу адæймаг фондз килограммæй фылдæр кæсæгтæ хъуамæ ма ахса. Ацы домæнтæ æххæстгонд кæд цæуой, уæд ам уыдзæн бирæ кæсæгтæ, — зæгъы "Карский"-ы уæнг **Виталий Левченко**.

Кæсагахсджыты æмæхсæнады уæнгты нымæц у 200 адæймагæй фылдæр. Ам саразынц кæсаг ахсынæй ерыстæ, стæй фæз æфснайыны фæдыл зиутæ.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

## Сæ фæлмæн дзырд, сæ зæрдиаг узæлд — æвдадзы хос

Фæстаг азты арæх фехъусæн вæййы, адæмы æнæниздзинад хъахъхъæныны хъуыддаджы бирæ æппæрццæг ивддзинæдтæ æрцыд, зæгъгæ, æмæ, чи зоны, ахæм хъуыды æнæбындур нæу. Æрыгон уæвгæйæ, медицинон уагдæтты сæр нæ фæхъæуы адæймаджы, фæлæ йыл азтæ сæ уæз куы 'руадзынц, уæд æм алыхуызон низтæ дæр фæныхилынц. Уæд бар-æнæбары базонгæ вæййы медицинон къабазы куыстимæ æмæ хатдзæгтæ кæнынæн дæр æрмæг æрæмбырд кæны.

Ис ахæм уагдæттæ, æмæ, куы бацæуай, уæд фендзынæ, иуæй-иу урсхалатджынтæ сæ кусæнуæттæ куыд ныууадзынц æмæ сæ "цайцымæнтимæ" се 'мкусджытæм "уазæгуаты" куыд бацæуынц, уыимæ сæм зынгæ дæр нæ фæкæны, адæм сæм удыхос агурæг кæй æрбацыдысты. Рынчын мæгуыр у, æмæ йын фылдæр хатт фæлмæн дзырд, зæрдиаг узæлд æвдадзы хос фæвæййы. Хуымæтæджы нæ загъта незаманты гени Авиценна, йæ биноныг куыст, абоны дохтырты фæлтæртæ дæр стыр цымыдисдзинадимæ кæй кæсынц, уыцы трактат "Канон врачебной науки"-йы: "Æртæ хотыхы ис дохтырмæ: дзырд, зайæгой, кард". Уыимæ, зондджын æмæ зонынджын лæг "дзырд" хуымæтæджы фыццаг бынаты нæ сæвæрдта.



Галиуырдыгæй рахизырдæм: ТАЙСАУТЫ Иринæ, ГУÆЗДÆРТЫ Эльвирæ, СУДЗАШВИЛИ Кристинæ, КОКОЙТЫ Фатимæ æмæ КÆЛУХТЫ Зарæ

Ахæм зондыл хæст сты нæ республикæйы Клиникон рынчындоны филиал, æнæниздзинад фидаргæнæн æмæ реабилитацион центр, адæм уарзæгойæ "физтер" кæй хонынц, уый кусджытæ. Ам хорз æмбарынц, йæ фырхъалæй, зæрдæйы дзæбæхæн рынчындоны дуарæй кæй ничи æрбакæсдзæн, æмæ се 'ппæт хъарутæ æмæ зонындзинæдтæ дæр саразынц адæймагæн хъæугæ æххуыс радтынмæ.

Мæхи тыххæй куы зæгъон, уæд мæ фæллойадон стаж 50 азæй фылдæр у. Бирæ азты алыхуызон куыстуæтты разамонæгæй куыстон, мæ фæстаг куысты бынат — Беслæны æстæм профессион-техникон училищæйы директор. Къорд азы разæй рацыдтæн пенсийы, уæ фарн бирæ, ныртæккæ мæ кæстæрты кæстæртыл аудын.

Бахъуыдис мæ æрæджы, уæлдæр цы уагдоны кой кæнын, уый æххуыс. Æмæ ныр мæ цинæн кæрон нал ис — афтæ зæрдиаг ахаст федтон, стæй æз нæ, фæлæ ма, ам йæхи чи дзæбæх кæны, уыдон се 'ппæт дæр, медицинон кусджыты — куыд дохтырты, афтæ астæуккаг æмæ кæстæр медицинон персоналы 'рдыгæй дæр.

Ам базонгæ дæн иннæ рынчынтимæ дæр, бынтон схæлар дæн Дыгургомы цæрæг, Стыр-Дыгуры хъæуккаг Хортиты Викторимæ. Уый та йе 'рыгоны бонтæй нырмæ фæкуыста фосыдохтырæй. Хæххон уавæрты цалдæр хæдзарады уыдысты йæ бæрны советон хицауады рæстæг, Цæдис куы фехæлд, уæд та, бынæттон администрацийы зылды цы къорд хъæуы ис, уыдоны фосы æнæниздзинадыл дзуапп лæвæрдта. Хъиамæтджын лæг у, хæхбæсты цард зын у, фæлæ никæд баивта йæ уарзон хæхтæ горæтаг æнцон цардыл.

Виктор, стæй иннæ рынчынтæ дæр æмдзыхæй зæрдиаг арфæйы ныхæстæ зæгъынц "физтеры" коллективæн — ревматологийы хайады сæргълæууæг **Гуæздæрты Эльвирæ**, дохтыр **Тайсауты Иринæ**, уæлдæр къæпхæны массажгæнæг **Кæлухты Зарæ**, хистæр медицинон хо **Кокойты Фатимæ** æмæ медицинон хо **Судзашвили Кристинæйæн**. Алчидæр дзы у, мах æй нæхиуыл куыд банкъардтам, афтæмæй стыр профессионал, фæлтæрдджын специалист. Тынг зæрдæхæлар, аудæг, рынчын адæймаджы æнкъарæнтæ чи æмбары, ахæм сылгоймæгтæ, раст — зæххон зæдтæ.

Нæ бон сын сæ хъиамæт стыр хорздзинæдтæй бафидын нæу, фæлæ сын нæ сæртæй ныллæг кувæм. Мах уæ куыд райгонд стæм, ахæм райгондæй, адæмæн цы æнæниздзинад лæвар кæнут, уымæй уæхæдæг дæр хайджын ут, уæ къухтæ фæрнæй фæдарут!

**УАТАТЫ Руслан, фæллойы ветеран**

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Защита плодового сада от зимующих вредителей! Санитарная обработка на зиму плодовых деревьев и других культурных насаждений (опрыскивание). Тел.: 8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 Руслан.**

**Пошив матрацев и одеял, есть в наличии и на заказ; стирка и ческа шерсти. Тел.: 8-989-037-18-04.**

**Ремонт стиральных машин на дому у заказчика (с гарантией). Тел.: 8-919-421-80-09; 8-961-820-92-02.**

Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

25-67-03

Номыры радхæссæг редактор — **Касаты Батрадз.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
**Дизайн:** 1-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли;** 2-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;** 3-аг фарсæн — **Халиты Изæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;** 2-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Гаглойты Наташæ;** 4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редакторы хæдивæг БУТАТЫ Эльзæ

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Сæрмагонд уацхæссæг: **Гасанты Валери — 25-91-92.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайад: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3134.
Заказ № 1401.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**